



Amannman Konstitisyonèl 2020 sou Vòt nan Florid

<p>Amannman 1: Kondisyon pou sitwayen yo vote nan eleksyon yo nan Florid</p> <p>Amannman sa a prevwa se sèlman sitwayen Ameriken ki gen omwen dizuit ane, yon rezidan pèmanan nan Florid, epi ki anrejistre pou vote, jan lalwa prevwa sa, ki pral kapab vote nan eleksyon yo nan Florid. Aktyèlman, Konstitisyon Florid la di, tout sitwayen Ameriken ki gen omwen dizuit ane epi ki se yon rezidan pèmanan nan eta a kapab enskri epi vote.</p> <p>Posizyon LWWFL: Opoze.</p>	<p>Amannman 2: Ogmante salè minimòm nan Florid</p> <p>Ogmante salè minimòm nan rive nan \$10 pou chak èdtan apati 30 septanm 2021. Apre sa, chak 30 septanm, salè minimòm nan ap ogmante nan \$1 pou chak èdtan jiskaske salè minimòm nan rive nan \$15 pou chak èdtan nan 30 septanm 2026. Apati moman sa a, ogmantasyon salè minimòm alavni yo dwe retounen ajiste chak ane an rapò ak enfasyon an apati 30 septanm, 2027</p> <p>Posizyon LWWFL: Sipòte.</p>
<p>Amannman 3: Tout elektè yo vote nan eleksyon primè yo pou lejislati, gouvènè ak kabinè eta a.</p> <p>Pèmèt tout elektè ki anrejistre yo vote nan primè yo pou lejislati, gouvènè, ak kabinè eta a kèlkeswa afilyasyon pati politik yo. Tout kandida pou yon pòs, sa ki gen ladann kandida yon pati deziyen, ap parèt sou menm bilten vòt pou primè yo. De sa ki fè plis vòt yo ap kalifye pou eleksyon jeneral. Si se sèlman de kandida ki kalifye, p ap gen okenn primè ki fèt epi y ap detèmine gayan an nan eleksyon jeneral. Afilyasyon pati kandida a ka parèt sou bilten vòt la jan lalwa prevwa sa. Sa ap antre anvigè apati 1ye janvyè 2024.</p> <p>Posizyon LWWFL : Opoze.</p>	<p>Amannman 4: Apwobasyon elektè yo pou amannman konstitisyonèl yo</p> <p>Egzije pou elektè yo apwouve tout amannman oswa revizyon ki te fèt nan konstitisyon eta a nan 2 eleksyon, olye youn, pou sa ka antre anvigè. Pwopozisyon an aplike limit aktyèl pou pasaj nan chak nan de eleksyon yo.</p> <p>Posizyon LWWFL: Opoze.</p>
<p>Amannman 5: Limit sou egzanpsyon pwopriyete</p> <p>Pwopoze yon amannman nan konstitisyon eta a, apati dat 1ye janvyè 2021, pou ogmante, sòti nan 2 ane rive nan 3 ane, peryòd tan kote avantaj Sove-Kay-Nou (Save-Our-Homes) ki akimile yo ka transfere sòti nan yon pwopriyete anteryè pou ale nan yon nouvo pwopriyete.</p> <p>Posizyon LWWFL : Opoze.</p>	<p>Amannman 6: Rediksyon fiskal ad valorem pou mari/madanm kèk veteran ki mouri ki te gen andikap pèmanan, ki gen rapò ak konba</p> <p>Sa t ap amande Seksyon 6 Atik 7 Konstitisyon Florid la pou pèmèt transfè yon rediksyon fiskal sou pwopriyete bay mari/madanm sivivan yon veteran ki mouri. Sa a t ap anvigè jiskaske mari/madanm lan remarye, vann oswa bay pwopriyete a.</p> <p>Posizyon LWWFL : Opoze.</p>

Pou plis enfòmasyon sou amannman 2020 yo ak rezon ki dèyè pozisyon Lig la vizite VOTE411.org ak LWWFL.org/Amendments.